



AVI SOU KONFIMASYON OREYANTASYON

Jan sa endike nan fòm konsantman an, mwen konfime mwen resevwa yon oryantasyon sou Pwogram Tretman Chrysalis Health la nan yon lang mwen menm oswa reprezantan mwen konprann.

Oryantasyon sa a te gen ladan enfòmasyon sa yo:

- Revizyon deskripsyon pwogram nan.
- Deskripsyon pwogram nan te disponib pou mwen lè mwen te admèt nan pwogram nan epi li ap disponib nenpòt lè mwen mande li.
- Mwen konprann mwen ka mande yon Bon Estimasyon sou Depans yo (Good Faith Estimate) nenpòt ki lè, dapre Lwa No Surprises Act la.
- Mwen konprann Lwa No Surprises Act la pwoteje mwen kont kèk fakti sipriz, men mwen ka toujou gen depans pou sèvis founisè ki pa nan rezo asirans mwen (out-of-network).
- Yon revizyon sou tout sèvis ki disponib pou mwen.
- Yon kopi Dwa Kliyan yo, jan Chapit 397, Pati III, Lwa Florid (F.S.) egzije.
- Yon rezime sou règleman pou admisyon ak pou kite pwogram nan (discharge).
- Enfòmasyon sou dwa mwen pou jwenn enfòmasyon epi patisipe nan planifikasyon tretman mwen.
- Yon kopi orè frè sèvis yo ak lòt frè pwogram nan.
- Responsablite kliyan yo ak règ konduit yo.
- Enfòmasyon sou kondisyon pou kontinye resevwa sèvis yo ak dire tretman an.
- Avi sou Konfidansyalite.
- Pwosesis ak pwosedi pou depoze yon plent (grievance).
- Enfòmasyon jeneral sou règleman ak pwosedi kontwòl enfeksyon.
- Dokiman edikatif sou VIH/SIDA.
- Limit konfidansyalite yo.
- Enfòmasyon sou dwa paran oswa responsab legal pou jwenn enfòmasyon epi patisipe nan tretman an.
- Nimewo telefòn pou:

- o Florida Abuse Hotline (Liy Dirèk pou Rapòte Abi);
 - o Biwo Pwogram Abi Sibstans ak Sante Mantal (Substance Abuse and Mental Health Program Office);
 - o Florida Advocacy Council.
- Enfòmasyon sou Direktiv Davans (Advance Directives) — pou granmoun sèlman.
 - Enfòmasyon sou prevansyon surdozaj (Overdose Prevention).

Konsantman pou resevwa sèvis yo sèvi tou kòm konfimasyon ke mwen resevwa oryantasyon sou pwogram nan.